


# ÓZLESTIRIW YAMASA RASTRATA JOLI MENEN TALAN-TARAJ ETIW JINAYATINIŃ JINAYATLI-HUQIQIY KLASSIFIKACIYASI

**Uteeva Baǵdagúl Matmuratovna**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
70420114 - «Jınayat nızamshılıǵın qollaw teoriyası hám ámeliyatı» qanigeligi 2-kurs magistrantı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.10023836

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 10-October 2023 yil
Ma'qullandi: 15- October 2023 yil
Nashr qilindi: 20- October 2023 yil

**KEY WORDS**

*Mal-múlk, múlk formaları, rastrata etiw, jámiyetlik qáwipli qılmıs, Puqaralıq kodeksi, Jınayat kodeksi, Jınayat huqıqı.*

**ABSTRACT**

*Ózlestiriw yamasa rastrata joli menen talan-taraj etiw jinayatiniń jinayatli-huqiqiy klassifikaciyasi haqqında sóz etildi.*

**Kirisiw (Introduction).** Sociallıq qatnasıqlar rawajlanǵanı sayın jámiyettegi qatnasıqlar sistemasıda quramalılasıp bara beredi. Ekonomikalıq qatnasıqlar rawajlanıp barar eken, insanlardıń turmıs tárizi, jasaw dárejesi menen bir qatarda mámlekettiń túrli iskerlik tarawlarıda rawajlanıp baradı. Sol sebeplide, ekonomikalıq qatnasıqlardı rawajlandırmastan turıp, mámlekettiń aldına qoyǵan kóplegen maqset hám wazıypalardı ámelge asırıw qıyın. Sonlıqtan da, dunya mámleketleri óz nızamshılıǵında ekonomika qáwipsizligin támiyinlewshi yuridikalıq nızamlardı eń tiykarǵı normalar sıpatında belgileydi. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasiniń 65-66-statyalarında *múlk formalarınıń teńligi, jeke menshiktiń qol qatılmaslıǵı, mal-múlk iyesiniń óz múlkinen óziniń qálewine kóre paydalanıwı, múlk formalarınıń mámleket qorǵawında ekenligi* [1]belgilep qoyılǵan.

Múlktiń qol qatılmaslıǵı túsinigi Áyyemgi Rimniń 12-keste nızamında da óz kórinisin tapqan. Franciyada 1789 -jılda qabıl etilgen "Insan hám puqara huqıqları haqqında"ǵi Deklaraciyanıń 17-statyasında *"múlk qol qatılmas hám múqaddes huqıq bolıp, onnan hesh kim tartıp alıwı múmkin emes, nızamlı túrde belgilengen jámiyetlik zárúrlik talap etken jaǵdaylar bunnan tısqarı, sonıń menen birge, ádalatlı hám aldınan taban tólew shárti menen bul huqıq shekleniwi yamasa tartıp alıwı múmkin"* dep belgilengen. 1948-jıl 10-dekabrde qabıl etilgen "Insan huqıqları boyınsha ulıwma dunya júzlik Deklaraciya haqqında"ǵi xalıqaralıq hújjettiń 17-statyasında *"Hár kim, jalǵız yáki birgelikte, múlkka iyelik etiw huqıqına iye. Hesh kim óz basımshalıq penen óz múlkinen ayrılıwı múmkin emes"* dep bekkemlep qoyılǵan. Bunnan tısqarı, 1966-jılda qabıl etilgen "Ekonomikalıq, sociallıq, materiallıq huqıqlar haqqında"ǵi xalıqaralıq Paktning 6-statyasında *shaxstıń bir qatar turaqlı ekonomikalıq huqıqlarının' kepilleniwi* de biykarǵa emes. Germaniya Federativ Respublikasınıń 1949-jıl 13-mayda qabıl etilgen Konstituciyasiniń 14-statyasında *"múlkshilik huqıqı kepillenedi, múlkshilikten paydalanıw jámiyet mápine zıyan*

*jetkermewi hám unamlı jaǵdaylarǵa xizmet etiwi kerek"* ligi aytıp ótilgen. Jámiyettin' ekonomikalıq tiykarı esaplanǵan múlkshilik formalarınıń qol qatılmaslıǵı Rossiya Federaciyasi Konstituciyasiniń 35-statyasında, Qazaqstan Respublikası Konstituciyasiniń 26-statyasında, 1947-jıl 27-dekabrde qabıl etilgen Italiya Konstituciyasiniń 42-statyasında, Yaponiya Imperiyasi Konstituciyasiniń 29-statyasında, Qubla Kareya Respublikası Konstituciyasiniń 23-statyasında, Singapur Respublikası Konstituciyasiniń 160-statyasında keltirip ótilgen.

Demek, hár bir mámleket múlk formalarınıń teńligine tikkeley yuridikalıq mazmun baǵıshlar eken, oǵan qarsı qaratılǵan hár qanday jámiyetlik qáwipli qılmısqa qarsı keskin gúres júrgizedi. Múlkke qarsı qaratılǵan talan-taraj jınayatları jámiyettin' ekonomikalıq tiykarına qarsı qaratılǵan eń qáwipli táreplerden biri bolıp tabıladı. Sol sebeplide, kóplegen mámleketler, sonday-aq, biziń respublikamızda da múlkke qarsı qaratılǵan talan-taraj jınayatları, ásirese ózgeniń múlkin ózlestiriw yamasa rastrata arqalı talan-taraj etiw jınayatına qarsı keskin ilajlar kóriledi. Buǵan baylanıslı Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyevtin' "…aldimizda turǵan taǵı bir wazıypa jeke menshik hám isbilermenlikti rawajlandırıwǵa irkinish berip atırǵan barlıq tosıq hám sheklewlerdi saplastırıwdan ibarat" [2,68] dep bildirgen pikirleri bunin' ámeliy dálili desek qátelespeymiz.

**Temaǵa tiyisli ádebiyatlardıń analizi (Literature review).** Ózlestiriw yamasa rastrata joli menen talan-taraj etiw jinayatiniń jinayatli-huqiqiy klassifikaciyasin úyreniw aktual esaplanadı. Bul baǵdardaǵı ilimiy izertlewler búgingi kúnde de dawam etpekte. Atap aytqanda respublikamız ilimpazlarınan X.M.Rustamboyev, M.Usmonaliyev, B.D.Matmurodov, X.R.Ochilov, Sh.Haydarov hám basqalar. Bul maqalanı jazıwda joqarıda atları keltirilgen avtorlardıń kitapları metodologik derek retinde belgilendi.

**Izertlew metodologiyasi (Research Methodology).** Izertlewde sistemalı-analiz, funkcional, tariyxıylıq, logikalıq, usıllarınan paydalanildi.

**Analiz hám nátiyjeler (Analysis and results).** Ózbekstan Respublikası Konstituciyasiniń 66-statyasında "Mal-múlk iyesi ózine tiyisli bolǵan mal-múlkke óz qálewinshe iyelik etedi, onnan paydalanadı hám onı ıqtıyar etedi. Mal-múlkten paydalanıw qorshaǵan ortalıqqa zıyan jetkermewi, basqa adamlardıń, jámiyet hám mámleket huqıqların hám de nızamlı máplerin buzbawı kerek. …" [1] dep belgilep qoyılǵan. Ekonomikanıń tiykarı esaplanıwshı múlk formaları birdey formada rawajlanıwı ushın nızam olardı óz tásir sheńberine alıwı kerek. Múlk, tikkeley, Puqaralıq kodeksiniń 167-statyasında belgilep qoyılǵanı sıyaqlı jeke múlk hám ulıwmalıq múlk formalarına bólinedi. Jámiyetlik qatnasıqlardı tártipke salıwǵa qaratılǵan hár túrli normativ-huqıqıy hújjetler hám olardiń sistemalastırılǵan forması yaǵnıy kodekslar hár eki múlk formasına iyelik etiw, onnan paydalanıw, ıqtıyar etiw hám sol processte júzege keliwi múmkin bolǵan dawlar hám nızam buzıwshılıq jaǵdayların qatań tártipke salıwǵa xızmet etedi. Sonday-aq, Jınayat kodeksiniń III bólim X bap (164-169-statyaları) joqarıda keltirilgen múlk formaların talan-taraj etiwge qaratılǵan jámiyetlik qáwipli qılmıslardı óz ishine qamtıp alǵan. Bul talan-taraj jınayatları arasında biz toqtalıp ótiwimiz kerek bolǵan ózlestiriw yamasa rastrata qılıw jolı menen talan-taraj etiw jınayatı basqa jámiyetlik qáwipli qılmıslardan óziniń bir qatar qásiyetlerine kóre parıqlanadı: mámleket mápi, múlkine zıyan jetkiziledi; mal-múlk isenip tapsırılǵan shaxs óz minnetlemelerin ózimshillik penen buzadi; talan-taraj etilgen múlk eki túrli kóriniste ózlestiriledi yamasa rastrata etiledi; xızmet yamasa lawazım jorıqnaması boyınsha háreket

etip atırǵan shaxs múlkti talan-taraj etiw processinde bir qatar hújjetlerdi qálbekilestiredi yamasa qálbekilestirmesten jasırın formada múlkke zıyan jetkeredi. Bul talan-taraj forması kóbinese social qáwiplilik dárejesi joqarı ekenligi, tergew hám sud processinde jınayattıń tolıq ashıp beriliwi menen júdá áhmiyetli bolıp tabıladı.

X.M.Rustamboyevtin' pikrine qaraǵanda, ózlestiriw degende, ayıplıǵa isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda bolǵan ózgeniń múlkin huqıqqa qılap, biypul saqlap qalıw hám keyinirek mal-múlk iyesine yamasa múlktiń basqa iyesine zıyan keltirgen halda óz paydasına yamasa basqa shaxstıń paydasına alıwǵa qaratılǵan háreket bolıp, ayıplı usı múlkti ele ıqtıyar etpegen boladı. Ózlestiriwde ayıplı iyelep alǵan mulkti mal-múlk iyesine yamasa múlktiń basqa nızamlı iyesine qaytarıp beriwdiń múmkinshiligi boladı [3]. Ayıplıǵa isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda turǵan múlkten paydalanıw yamasa onı ıqtıyar etiw ámelge asırilmagan boladı. Ayıplıǵa isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda turǵan múlk degende, lawazım wazıypaları yáki shártnamalıq qatnasıqlarǵa kóre yamasa arnawlı tapsırma múnásibeti menen ózgeniń múlkin ıqtıyar etiw, basqarıw, jetkeriw, saqlaw boyınsha nızamlı kepilliklerdi ámelge asırıwshı shaxstıń iyeliginde turǵan múlk túsiniledi.

M. Usmonaliyevtiń "Jınayat huqıqı" sabaqlıǵında, rastrata etiw túsinigine tómendegishe túsindirme berilgen: ayıplıǵa isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda turǵan ózgeniń múlkin mal-múlk iyesi yamasa múlktiń basqa iyesine ziyan jetkergen halda, usı mal-mulkti óziniń yamasa basqa bir shaxstıń paydasına nızamsız túrde ıqtıyar etiwin ańlatadı. Rastrata etiwde mulkti mal-múlk iyesine yamasa múlktiń basqa iyesine qaytarıwdıń múmkinshiligi bolmaydı [4]. Rastrata etiw jınayatında ayıplı shaxs tuwrıdan-tuwrı isenip tapsırılǵan yamasa óziniń iqtiyarinda turǵan mulkti óz paydasına yamasa basqa adamlardıń paydasına "jeb jiberedi". Talan-tarajdıń rastrata forması ózlestiriwden usınıń menen parıq qıladı yaǵniy ózlestiriwde talan-taraj etilgen múlk ózinin' nızamlı iyesine qaytarılıwı múmkin, rastratada talan-taraj etilgen múlk ayıplıda bolmaydı, ol satilǵan, sıylıqqa berilgen bolıwı múmkin, yaǵnıy múlk iyesine talan-taraj etilgen múlktiń tek muǵdarın qaytarıw múmkinshiligine iye boladı.

**Ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatınıń tikkeley obekti** – ayıplıǵa isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda bolǵan ózgeniń múlkin qorǵawǵa qaratılǵan jámiyetlik qatnasıqlar esaplanadı [3].

**Ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatınıń predmeti** retinde hár qanday materiallıq kórinistegi buyımlar, pul hám qımbatlı qaǵazlar, basqa mal-múlk, sonday-aq, múlkshilik huqıqlar, jer uchastkaları, ımaratlar, jer menen tikkeliy baylanısqan mal-múlk sıyaqlı hár qanday kórinistegi múlkti sanap ótiwimiz múmkin [5].

**Ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatı obektiv tárepten** ayıplıǵa isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda turǵan mulkti ózlestiriw yamasa rastrata etiw jolı menen talan-taraj qılıwda ańlatıladı.

**Ózlestiriw yamasa rastrata etiw jolı menen talan-taraj etiw jınayatınıń subyekti –** ózgeniń múlki isenip tapsırılǵan yamasa onıń iqtiyarinda bolǵan, jınayat júz bergenge shekem 16 jasqa tolǵan aqıl-esi bar shaxslar. Múlk isenip tapsırılǵan yamasa iqtiyarinda múlk turǵan shaxs ǵana, yaǵnıy xızmet minneti, shártnama múnásibetleri yamasa arnawlı tapsırma múnásibetleri menen sol múlkti ıqtıyar etiw, basqarıw, jetkeriw, saqlaw boyınsha kepilliklerdi ámelge asırǵan shaxs (bazashı, támiynatshı, buxgalter, satıwshı, kassir) ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatınıń subyekti bolıwı múmkin.

Shaxstı Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 167-statyası 2-bólim a-bándi menen

ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatınıń summası kóp muǵdarda júz bergende ayıplaw múmkin. Eger shaxs ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatın az muǵdarda ámelge asırǵan bolsa onıń háreketlerin Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 167-statyası menen emes, kerisinshe Ózbekstan Respublikası Basqarıw juwaparlik haqqındaǵı kodekstiń 61-statyası menen *yaǵnıy múlkshilik formasına qaramastan kárxana, shólkemlerdiń mal-múlkin urlaw, ózlestiriw, rastrata etiw, lawazımınan keri maqsette paydalanıw yamasa jalataylıq jolı menen az muǵdarda talantaraj qılıw* norması boyınsha kvalifikaciya etiledi [6]. Talan-taraj etilgen múlktiń muǵdarı bazalıq esaplaw muǵdarınıń otız esesinen aspasa, bunday talan-taraj az muǵdarda talan-taraj etiw dep ataladı. Shaxs ózgeniń múlkin ózlestiriw yamasa rastrata etiw boyınsha kóp muǵdarda ámelge asıratuǵın bolsa onıń háreketleri Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 167-statyası 1-bólimi menen qamtıp alınadı. Bazalıq esaplaw muǵdarınıń úsh júz esesinen bes júz esesine shekem bolǵan muǵdar kóp muǵdar dep bahalanadı hám bul muǵdar shaxstıń háreketlerin Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 167-statyasi 2-bólim "a" bándi menen kvalifikaciya etiwge alıp keledi.

**Juwmaq (Conclusion).** Juwmaq retinde sonı aytıw múmkin, búgingi kúnde ekonomikanıń túrli tarmaqlarında júz berip atırǵan ózlestiriw yamasa rastrata etiw jınayatı túrli usıllarda júz berip atır. Bul oǵan qarsı keskin gúres alıp barıw kerekligin ańlatadı. Bul jınayattıń huqıqıy tárеplerin ashıp beriwde ámeliyat hám teoriyada házirge shekem mashqalalar ushırasıp turmaqta.

## Paydalanilǵan ádebiyatlar dizimi (references):

1.O'ZBEKISTON RESPUBLIKASI KONSTITUTSIYASI. Mazkur yangi tahrirdagi O'zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi 2023-yil 30-aprel kuni o'tkazilgan O'zbekiston Respublikasi referendumida umumxalq ovoz berish orqali qabul qilingan. https://lex.uz/docs/-6445145
2. Sh.M.Mirziyoev "Milliy taraqqiyot yo'limizni qat'iyat bilan davom ettirib yangi bosqichga ko'taramiz" 1-T Toshkent "O'zbekiston" 2017.
3. M.H.Rustamboyev.Jinoyat huquqi (Maxsus qism). T,:"O'qituvchi"-2003.
4. M.Usmonaliyev. Jinoyat huquqi. (Maxsus qism). Darslik. "Yangi asr avlodi"-T,:2005.
5. Fuqarolik kodeksi. -T:"ADOLAT" nashriyoti. -2018-yil. 81-83-moddalarning umumiy mazmuni.
6. O'zbekiston Respublikasi Oliy sud plenumining 2004-yil 21-mayda qabul qilingan "Jazolarni liberallashtirish to'g'risidagi qonunni iqtisodiyot sohasidagi jinoyatlarga nisbatan qo'llashning ayrim masalalari haqida"gi 4-sonli qarorining 2-bandi